Ассаламу гIалайкум!

# Ахихъан

№ 26 (7270)
9 июнь 2017 сон
Рузман
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## Иргадулаб аппараталъулаб совещание



7 июналда райадминистарциялда букIана иргадулаб аппараталъулаб совещание. Гьеб ана «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадовасул нухмалъиялда гъоркь. Гьенир гIахьаллъана бетIерасул замал С. АрулмухIамадов, М. ХIасанова, М. ХIамзатов, кумекчи М. ХIажиев, аппаратуправлениялъул нухмалъулей П. ГIалиева ва цогидалги.

Къойил повесткаялда рукIана гIемер батIи-батIиял суалал: инфраструктураялъул, экономикаялъул, культураялъул, спорталъул, цогояб пачалихъияб экзамен кьеялъул, районалда хIинкъи гьечIолъи букIинабиялъул, росдал магIишаталъул, ЖКХялъул ва цогидалъулги.

Совещаниялъул байбихьудаго бетIерас гIахьаллъаразул пикру буссинабуна налогал ракIариялъул суалазде. Гьелъул бицана экономическияб отделалъул нач. М. ГIадуевас. Гьес бихьизабуна киназго налог кьун гьечIониги гьел ракIариялъул иш лъикI бугилан.

Хадуб совещаниялда гьоркьоб лъуна районалда ЕГЭ ва ОГЭ кьей унеб бугеб куцалъул. Гьеб суалалдасан кIалъана Л. МухIамадгIалиев. «Жакъа къоялде щвезегIан кьун буго 8 экзамен. Киналго экзаменал ана Рособрнадзоралъул бадибчIвай гьечIого»,-ян бихьизабуна гьес.

Районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовас бихьизабуна заместитель М. ХIасановалъ ва Л. МухIамадгIалиевас цадахъ гьабураб лъай кьеялъул хIалтIи тIадегIанаб даражаялда унеб бугин бихьизабунин республикаялъул Правительствалъ ва живго Р. ГIабдулатIиповас,-абун. Гьединго данделъиялда кIвар кьуна имам Шамиль гьавуралдаса 220 сон тIубаялде хIадурлъи гьабиялде.

Росдал магIишаталъул бачIиналъул, рекьул, гIи-боцIул, гъуталазда бугеб хIалалъул, боцIуе вакцинация гьабиялъул, биркаби раялъул, районалъул санитарияб рахъалъ бугеб ахIвал-хIалалъул бицана М. ХIажиевас. «Къокъго абуни гьеб рахъалъ ахIвал-хIал квеш гьечIо, бугониги руго рагIалде рахъинчIел рахъал. Гьанибго бихьизабизе ккола ахал лъей лъикI унеб бугиланги,-ян абуна гьес.

Районалда хIинкъи гьечIолъи букIинабиялда хурхун кIалъана М. ХIамзатов. Гьес бихьизабуна республикаялъул жавабиял гIадамалги гIахьал гьарун АТКялъул заседение тIобитIанин ва гьабсагIаталда районалда гIодобе биччараб ахIвал-хIал бугин

## «Порт-Петровск» микрорайоналда-бакIал рай

1 июналда РДялъул Правительствалъул пред. ГI. ХIамидовас лъай-хъвай гьабуна МахIачхъала шагьаралъул «Порт-Петровск» микрорайоналда жагъалал рукъзабахъ ругел рахъинариялъе рарал гIемерквартирабазул рукъбазабул. Премьер-министрас гара-чIвари гьабуна бакIал ралезулгун, гьел раялъул цIарал болжалал цIунун ругищали ва качествалъул хал гьабуна.

Рукъзал разе кьун букIана «Российский институт градостроительства и инвестиционного развития» ОАОялъул предприятия лъухъе.

Гьеб районалда бакIал ралаго щибаб метралда тIад ургъун руго ва киналго архитектураялъул планалда рекъон гьарун руго. Руго подъездазул нухал, лъималазул площадкаби, гIурччинлъи, транспорталъе чIезе бакI ва гь. ц.

# Пачалихъияб Думаялъул депутат - районалда



Араб щамат къоялъ ни лъер районалде хIалтIулаб сапаралъ щвана «Единая Россия» партиялъул Пачалихъияб Думаялъул депутат ГIабдулмажид Варисович Маграмов. Гьесда цадахъ рукIана республикаялъул бетIерасул уполномочениияв вакил ГIалибег ГIалиев, республикаялъул ТIолгороссиялъул жизнеобеспечениялъул хIалтIухъабазул профсоюзалъул пред. Депутатасул кумекчи ГIабдурахIман Адамов, «Единая Россия» партиялъул вакилзаби ва гь. ц.

Районалъул гIорхъода ГIиса НурмухIамадовасул нухмалъиялда гъоркь гьелгун дандчIвана районалъул делегация. Гьенисан киналго щвана Унсоколо росулъ бугеб районалъул ва Шамильхъалаялда бугеб районазда гьоркьосеб гIемерпрофилазул больницабазде. Ралагьана больницабазул отделениязухъ, лъазаруна гьенир ругел дарабаздалъун ва цогидалги жалаздалъун хьезариялъул рахъ, дандчIвана унтаралгун ва гьел коллективазул хIалтIухъабигун. Бугеб хIалалда хурхун гьезда гьоркьоб гIатIидаб гара-чIвариги ккана.



Больницабазде щун хадуб райадминистрациялъул конференцзалалда букIана районалъул активалъулгун дандчIвай. Гьенир суалал хъатIана лъим чIезабиялда, Рихьуни росдае статус чIезабиялда, Шамильхъалаялъул гьоркьохъеб школалда бугеб стадион лъикIаб гьечIеб хIалалда букIиналда, школал ран лъугIизариялда, электрическиял мухъал рачиналда, Унсоколо футболалъулаб поле гьабун лъугIизабиялда, ракьазул конфенсациялда хурхун.

Гьенибго ГIабдулмажид Маграмовас гIадамалги тIаде къадул гьаруна. Гьеб тадбиралда гIахьаллъана районалъул бетIер ГI. НурмухIамадов, гьесул кумекчи М. ХIажиев, районалъул Собраниялъул пред. К. Асадулаев, районалъул «Единая Россия» ВКПялъул бакIалъулаб отделениялъул исполкомалъул нухмалъулей Б. Кудиева. Пачалихъияб Думаялъул депутатасул къабул гьариялде рачIун рукIана районалъул гIадамал, росабазул бутIрул, учреждениял организациязул нухмалъулел, общественниял организациязул вакилзаби.

ГI. Маграмовас бихьизабуна киналго депутатасулал ресал хIалтIизаризе ругин избирателазул тIадкъаял тIуразариялъе,-абун. «Дун кидаго кIудияб разилъигун дандчIвала избирательниял округазул гIадамалгун. Гьадинаб чIагояб гара-чIвариялъ дагьабги къуват кьола цIиял идеязе,-ян мукIурлъана районалъул пресс-хъулухъалъе депутат.

Хадуб районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовас баркала загьир гьабуна депутатасе, дандчIвазе рачIаразе ва районалъул ругел захIмалъаби тIураялде хьул бугин бихьизабуна.

## ГIуцIиялъул комитеталъул данделъи



7 июналда данделъун букIана имам Шамиль гьавуралдаса 220 сон тIубаялде русарал тадбиразе гIуцIараб гIуцIиялъул комитет. Гьелъие нухмалъи гьабуна ГI. НурмухIамадовас. ГIахьаллъана бетIерасул замал М. ХIасанова, М. ХIамзатов, культураялъул отделалъул нач. ГI. ГIабдулаев, цогояб информационнияб хъулухъалъул нухмалъулев М. ХIайбулаев ва цогидалги.

Совешаниялда дандбана гьаб соналъул 3 июлалда поселокалъул клубалда тIобитIизе бугеб тадбиралъул аслиял рахъал. Гьенибго бихьизабуна районалъул СМИ лъикI хIалтIулеб бугин, гьеб жеги лъикI цебехун бачине ккколин. ТIадчIей гьабуна юбилеялъулал тадбирал лъикI хIадуризе ккколин. «Нилъеда киназдаго лъала щив чи имам Шамиль вукIаравали, гьесул ирсилаллъун гIолеб гIел куцазе тIадаб буго нилъеда. ХIурматалда цIунизе ккола нилъеца гьесул рахъалъ ракIалде щвей»,-ян бихьизабуна ГI. НурмухIамадовас.

Совещаниялда гIахьаллъаразе тIадкъаял кьуна тадбир лъикI бачиналъе.

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 26 (7270)*
*9 июнь 2017*
*Рузман*

*2 гъумер*

Гьал къоязда райадминистрациялда РДялъул НСалъул миллатазда гьоркьосел ва общественнияб-гун динияб Комитеталъул член М. МухIамадовас гьебго комитеталъул пред. М-К. ХIажиевгун цадахъ, РДялъул НСалъул миллатазда гьоркьосел ишазул, общественниябгун динияб Комитеталъул пред. М. Котенкогун, гьединго консультант М. МухIамадовгун цадахъ районалъул жидедехунго суалал ругел гIадамал тIаде къабул гьаруна. Гьез гьалбадерида цере суалал лъуна Унсоколо росулъ гьабун лъугIичIеб футболалъулаб полеялъул, гIадамазе вакцинация гьабиялъул, школазул, ясли-ахазул ва цогидалдаги хурхун. Къабул гьариялда щивасул суалазе чIванкъотIарал жавабал кьуна.

## Лъимал цIуниялъул къоялъ



1 июналъ Шамильхъалаялъул кIиябго ясли-ахалъул гьитIичазухъе щвана районалъул бетIер ГI. НурмухIамадов ва цогидалги жавабиял гIадамал. Баркана гьезда праздник, гьарана лъикIабщинаб. ГьитIичаз жидерго церерахъиназдалъун баркала загьир гьабуна гьезие.

## Семинар тIобитIана

Дагъал церег1ан къоязда райадминистрациялъул данделъабазул залалда тIобитIана семинар-совещание. Гьенив гIахьаллъана муниципалитеталъул бетIер ГI. НурмухIамадов, зам. С. АрулмухIамадов, районалъул госстатистикаялъул бетIерав специалист С. СагIабдулаев, налоговияб инспекциялъул начальник ХI. ХIажиев, бакIалъулал администрациязулгун хIалтIи гьабиялъул специалист Ш. МухIамадов, росабазул бутIрул, ясли-ахазул ва школазул нухмалъулел, райадмиистрациялъул отделазул ва учреждениял организациязул нухмалъулел.

Статистикаялъул хIалтIуда хурхун гьезда цеве вахъана С. СагIабдулаев, гьес чIванкъотIун данделъаразда бичIчIизабуна жиндир заманалда отчетал кьеялъул бугеб кIваралъул ва гьелъул низам цIуниялъул. Гьединго налогазда хурхун кIалъай гьабуна ХI. ХIажиевас, инспекциялъул аналитическияб отделалъул начальникасул зам. А. ХIажиевалъ, гьебго хъулухъалъул хIалтIухъан П. Адилаевалъ. Гьел хъатIана налогазда хурхун ругел налъабазда, индивидуалияв предпринимателасул хъвай-хъвагIай гьабиялда, страховиял взносазда, гьел кьеялъул заманазда, гьел кьолаго справкаби ритIун цIезариялда ва гь. ц.

Семинаралда гIахьаллъаразул суалазе кьуна чIван къотIарал жавабал. Семинар пайдаяб куцалда ана.

## Мекъаб нухде ккунгутIиялъе

МахIачхъалаялъул лъай кьеялъул управлениялъул нухмалъулесул бихьизабиялда рекъон, 20 февралалдаса нахъе цIалдохъабазухъ толел гьечIо Интернет ва камера бугел телефонал. Гьелъие гIилла ккола ахирияб заманалда социалиял гьиназул «квербакъиялдалъун» лъимал мекъаб нухде кколел рукIин

## Мероприятие «Тонировка»

С 1 по 9 июня 2017г. на территории района проводится оперативно-профилактическое мероприятие «Тонировка», целью которого является выявление транспортных средств, на которых установлены стекла (в том числе пленочные покрытия), светопропускание которых не соответствует требованиям технического регламента о безопасности колесных транспортных средств и ограничивает обзорность с места водителя.Отдел ГИБДД ОМВД России по Унцукульскому району напоминает о том, что при выявлении фактов эксплуатации ТС со стеклами, светопропускание которых не соответствует требованиям технического регламента, водителям будет предложено устранить тонировку самостоятельно, в случае отказа – в соответствии со ст.12.5 ч.3 п.1 КоАП РФ на водителя будет наложен административный штраф в размере 500 рублей и выдано требование, о прекращении противоправных действий в соответствии со ст.13 ФЗ №3 «О полиции», которое он обязан исполнить. В случае неисполнения требования, водитель будет привлечен к административной ответственности в соответствии со ст.19.3 ч.1 КоАП РФ, которая предусматривает наложение административного штрафа в размере от 500 до 1000 рублей или административный арест до 15 суток.

**Мусавузов Р. Н.**
**Нач. ОГИБДД ОМВД России по Унцукульскому району, майор полиции**

Имам Шамиль гьавуралдаса - 220 сон

# «Шамилил кьурди»

*А. Н. Соколова-Искусствоведениялъул Кандидат (Майкоп ш.)*

Шамилил бакъаналда кьурдулаан ва цогидалги рекIелгъеязде бугеб гьоркьоблъи лъикIго лъалаан кисакибего доб заманалда. «Шамилица кьварараб регламентация бачунаан мюридазул жинди-жиндир ва общественнияб гIумруялъулъ: масала, кьурди, хIаял, балалайкаялда бакъвал рачин, хъалиян цIай букIана кьварараб гIадлу хадубккун букIиналъул гьукъиялда гъоркь (I). Имаматалъул кверщалида гъоркь бугеб территориялда чIезабун букIана этническияб гIадлу, хасал пункталгун. Гьенир гьукъун букIана кечI ахIи, кьурди, музыка, диниял туркаби тун батIияб жо ахIизе (2).

ШаргIалда рекъон цIакъго музыкаялде хIасрат бугев чи жанив лъезе, гьесда чанго тIил кьабизе (тIадругезе бокьухъе) бихьизабун букIана ва гьел инструментал хвезаризе рес букIана (3).

Амма доб заманалда шаригIаталда рекъон кьурдаби тIуранго гьукъун рукIинчIо. «Гьелъие рукIана гIемер кIудиял гьечIел исключениял. Бегьулаан кIиго ишалъулъ – берталъ ва сунат гьабулеб бакIалда. Гьел бакIазда бусурбабазе кьурдизе рес кьун буго кигIан бокьаниги, амма бихьинал батIаго, руччаби батIаго, батIи-батIияб рокъоб (4).

Шамил Калугаялда вугеб I859-I862 соназда гьесул приставлъун вукIарав капитан Аполон Руновскияс бихьизбуна Шамилица жиндирго распоряжениялда рекъон къвакIизарулаанин шаргIалъул законал. Кинабго хIисабалдеги босун цо-цо рес кьолаанин цIакъго рекIелгъеял рокьулел гIадамазе. «Амма аслияб къагIидаялъ Шамилица тIубанго гьукъун рукIана кьурдаби, гьеб гьабурал гIайибиял рикьун рукIана кIиго бутIаялде, лъикIаб гIадлу-низамалъул (порядочниял). Гьезие гIадлу гьабулаан тIил кьабун, цойгидал жидер къадарлъи, гIакъло гьечIолъи бугезул гьурмада бахунаан чороклъи, хIамида рекIинеги гьавун вачунаан росулъан. ЧIахIияз гьев инжит гьавулаан, гIисиназин абуни гьесда речIчIулаан чороклъи (5).



А. Руновскияс тIуранго шаргIалъул законал дуца тIуран гьечIин абураб бадиб чIваялъе имам мукIурлъана ва абуна: «Гьел низамал чIезарулаго бокьун букIанин даимал рагъазда ругел магIарулазул гьел жалаздаса ракI буссинабизе (6).

Чанго нухалъ тIад руссун Шамилилгун гьабураб гара-чIвариялда музыка, гьекъел-мехтелалде, цIогьалде, чIвай-хъвей, хъамалчилъиялде гIагар гьабун щай бугеб абураб А. Руновскиясе жаваб щвана, «имамас кидаго хIисабалде босун бугоан улкаялда бугеб хасаб ахIвал-хIал, цодагьабниги халкъалъул гIумро гьабиялъул гIадатияб ахIвал-хIал хисизабулел ишаз рагъухъабазул гьира свине гьабизе рес бугеб» (7).

Иргадулаб гара-чIвариялда Шамилица дагьабги бичIчIуледухъ рицана жиндирго принципал. «Рагъухъаби нижер гьадингоги дагьал рукIана, гьадингоги ниж цIикIкIун заманаялъ данде чIана нужеда, щайгурелъул кьвараpал заманазда гIумро гьабун рукIун ва ц1акъго роха-хинлъун рукIин исламалъ рикIкIунаан кIудияб мунагьлъун… Музыка кутакалда чиясда тIад асар гьабулеб жо буго, киналго аварагасул рихьизарил тIуразарулев бусурманчи живгоги данде чIолаан музыкаялде, гьединлъидал гьукъана дица гьеб (8).

ТIадехун бицаралдасан бичIчIула музыкаялъул къуваталъе Шамиль мукIурлъулев вукIаравлъи, гьелъго гьукъана гьеб рагъул заманаялъ. Гьелъие мукIурлъана Шамилил мюрид ХIажиявги. Пленлъун вугеб мехалъ Шамиль рахIат хун лъугьиндал А. Руновскияс кумек балагьулаан ХIажиясдасан. Гьес абуна «Шамилие музыка бокьулин хIасратго» (9). Нахъисеб къоялъго Руновскияс Еропкинида абуна портативнияб орган босеян. «Гьелъул т1оцересел гьаркьал рагIаралго Шамиль чIаголъун вачIана. КIвар кьун гIинтIамун бащдаб сагIаталъ шуричIого гIенеккана гьев музыкаялъухъ, хадув кIвар кьун балагьана инструменталъухъ (I0)..

Гьеб букIана АхIулгохIил рагъ лъугIун гIемераб заман ун хадуб. Чанго версия буго гьалгощинал соназ гIадамазулъ чIаго хутIараб «Шамилил кьурди» бижиялъул. Гьелъул авторлъун рикIкIуна Чачаназул аргъанчи М. МухIамадов. «Нахъе ругел харбазда рекъон, рагъухъабазул настроение борхиялъе Шамилица цин гьезда цебе кIудияб дугIаги гьабун, хадув жинцаго лезгинка кьурди гьабуна, гьелъ лъикIго борхизабуна рагъухъабазул гьира –шавкъ (11).

Цебе дугIаги гьабун, хадуб панаго гьабураб кьурди къачIан буго I9I0-I9I2 соназда Чачаназул Шатой росулъа Шамилил биценаз хIайран гьавурав МухIамад МухIамадовас (I2).

XX гIасруялда «Шамилил кьурди» лъугьана Кавказалъул къурдабазда гьоркьоб машгъураздасан цояблъун. Кавказалъулго халкъазда гьоркьоб тIибитIана гьеб. Гьеб букIана рагъулаб цIа жаниб бугеб кьурди, бихьизабулаан магIаруласул тирилъи, къуват, яхI, бахIарчилъи. ЦIакъго гьеб тIибитIараб букIана Адигеялда. Гьениб школазда малъулаан Шамилил кьурди.

Шамилил кьурдиялъул буго лъабго батIияб вариант. Гьезул кIигоялъул буго цого бакъан, халкъазда гьоркьобги абула гьеб «Шамилил кьурдийилан». Лъабабилеб буго Чачаназул вариант, бихьиназул хоралъ гьениб бачуна зикру Шамилил цIаралда бухьинабун.

ГIадамазул кIалзулал абиязулъ буго гьадинаб бицен. Шамилица къадириябги накъшумандиябги тIарикъаталъул мюридзабазда гьоркьоб лъазабун букIун буго диспут. Живго Шамил вукIана накъшумандияб тIарикъаталда. Гьениб къадировазул тIарикъаталъул Кунта ХIажияс вахъун тIадегун бахъинабун зикру бачун буго. Гьелъ хIалалъе ккарав Шамиль жиндаго лъачIого вахъун гьезда гьоркьове кIанцIун вуго ва гьезда цадахъ зикро бачун буго. Гьелдаса хадуб дагIба-рагIиялда рукIараб кIиябго тIарикъаталъул мюридзаби рекъон руго ва Кванта ХIажида данде рахъин гьукъун буго.

**«Ахульго» журналалдаса босараб**

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 26 (7270)*
*9 июнь 2017 сон*



ГъабсагІаталда киса-кирего гІадин районалъул школаздаги унел руго ЕГЭ ва ОГЭ кьей. Исана нилъер районалда ЕГЭ кьолеб буго І40 ялдаса цІик1кІун цІалдохъанас, ОГЭ - 300 ялде гІагарун лъимералъ. БитІ ккайги, нужее экзаменазда, хириял цІалдохъаби!



**Мактаб**

# ХъахІабросулъе -кІочонареб сапар

Районалъул авар каламалъул мугІалимзабаз лъай кьеялъул управлениялъул нухмалъиялда гъоркь, сапар бухьана ХъахІабросулъе. Гвангъарал бакъул чІораз мугІрулги щобалги, расалъабиги лъалалел рукІана. Ниж гьетІакІичІарал нухалги нахъа тун, хабар-кІалалда бекьдерил тІалъиялде рахана. Гьенисан мугІрул тІабигІаталъул лазатги босулаго, щвана гІищкъул шагІирасул росулъе, гьез ниж рачана учительзабазул рокъоре. Районалъул киналго росабазул мугІалимзабиги ХъахІабросдал школалъул педагогалги гьезул учительзаби рукІунеб рокъор данделъана. Цо-цо росабазул кватІарал учительзаби тІаде щвезегІан, ниж хабар-кІалалда, гара-чІварулел рукІана. Хадур киналго учительзаби рачана рагъараб дарс кьедаб букІана гьеб. Гьес, дарс кьолаго гІемераб жо ракІалде щвезабуна: поэтал, районал, мадугьалихъ ругел росаби, музыка, кечІ-бакъан – кинабго рекъон букІана гьениб. ГІемер батІибатІиял къагІидабаздалъун бечедго гІуцІун бугоан гьеб. МугІалимзаби гІажаибаб асаргун гІенеккана гьесул дарсихъ. Дун гьесда бахиллъана, лъималги дие рокьана. Огь, гьеб дарсил букІараб лазатги тІагІамги рагІабаз бицине дир хІал кІвеларо. Кинабго букІана гьениб рагІа-ракьанде щун камиллъун. Гьезул дарсаз дие къечараб мехалъ цІорораб лъим гьекъараб гІадаб асар гьабуна.

Лъималазул цІали бечед гьабизе
Мун гІадав гьечІони учитель щайзе?
РагІиги пасихІав, пагьму бегІерав
Лъималги рокьулев, гьезий вокьулев,
Гьезул рекІелъе нух батизе лъалев
ЛъикІаб рагІул устар вукІун вуго, мун.

КигІан тІадегІанаб къимат кьуниги, гьелъие мустахІикъаб букІана гьеб дарс. КІоченаро Сулейман, дур дарс! КІоченаро нужер тІалъи, чІегІерал михъа-зул гІищкъул шагІирасул ВатІан, гьаб тІалъиялде гьабураб сапар... Дица гьарула гьезие гьаб ракьалда кинабго лъикІабщинаб!

МагІарул мацІалъул учительзабазул данделъи нухда бачунеб букІана УОялъул байбихьул классазул методист ХІасанова Умагьани МухІамадгІалиевналъ ва цІалул тІахьазул фондалъул методист ХІусейнова Загьраъ Сайпудиновналъ. ТІоцее кІалъарай Умагьани МухІамадгІалиевналъ дарсазул хІакъулъулъ абуна: -Кумсият ИсмагІиловалъул «Щивго кІочон гьечІо, щибго кІочон гьечІо»-абураб тІоцебесеб дарс букІана гІадатияб гуреб къагІидаялъ гІуцІараб, байбихьаралдаса лъугІизегІан, чІалгІунаредухъ гІемераб жо жанибе бачараб. Дарсида хІалтІизарулел, пайда босулел рукІана гьанже заманаялъ чара гьечІого къваригІунел алатаздасан. ГІахьал гьаруна рагъулги, захІматалъулги бахІарзал, бухьинабун букІана районалъул, Дагъистаналъул бахІарзазда, махщелчагІазда, машгьурал гІадамазда, гІалимзабазда.



Учительницаялъги лъималазги цІакъ пасихІго рикІкІунел рукІана магІарул хъвадарухъаби-рагъухъабазул кучІдул, гьиралда хІана МахІмудил ва Муил образалда сценка.

КІиабилеб дарсида Сулейман МухІамадовичас Тайпа цоял членалгун предложениял гІуцІулаго гьесул цІалдохъабаз рехсана районалъул росабиги, районал- мадугьалзабиги ва нилъер районалдаса машгьурал хъвадарухъаби, кочІохъаби, врачал, гІалимзаби ва учительзаби.

ГІемер хІалтІизаруна кицаби, бицанкІаби. Дарсал киназего пайдаяб къагІидаялъ ана. Загьраъ Сайпудиновалъ бицана Сулейман МухІамадовичас дарсал лъикІ рачин гуребги, школалда кІвар кьолин гІелму-лъаялъул рахъалъ церетІурал лъималаздеги. Кумсият ИсмагІиловна ккола районалъул школазул лъикІал библиотекараздасан цояйлъун. Муса МухІамадович директорлъун вачІаралдаса кІвар кьолеб буго кабинетал цІиял къагІидаялъул алатаздалъун хьезариялде ва гьабун буго чанго класс-кабинетазда ремонт.

Школалда цІалдохъабазул буго хасаб форма ва кидаго букІуна гьезда гьоркьоб гІадлу. МагІарул мацІ лъугІун унеб жакъасеб заманалда гьединал данделъаби нилъее киназего хІажат руго.

Нижеда бихьана бацІцІадаб магІарул мацІ, учительзабаз майилан лъималазе кьолеб куц. Дицаги гьарула гьезие ва гьанире гІахьаллъизе рачІаразеги сахлъи, халатаб ва бечедаб гІумро, хІалтІулъ цебетІей.

Киназего бокьана МахІмудил музеялде щвезе. Рокьул къайисас гІумро тІамураб рукъги бихьана нижеда. Музеялъухъги ралагьана, гьенирги рахъана суратал. ТІаде щвана иш цоязулгун къо-мех лъикІ гьабулеб заман. Баркала гьезул директор Муса МухІамадовичасе, учительзбазе.

КІудияб хІалбихьи нижее щвараб гьадинаб дандчІвай гІуцІараб лъай кьеялъул управлениялъеги баркала. Къокъго абуни ХъахІабросулъе сапар нижее кІочонареблъун хутІана.

Гьеб бугеб классалде.

МугІалим МутІалимова Кумсият ИсмагІиловналъ байбихьана дарсиде. Дарсил мурадги темаги бицана. Литература І0 класс. Тема букІана «ВатІан хириязе хвел букІунаро»,-абураб.

Дарсида букІана сихІкъотІи. Киназго кІвар кьун гІин тІамун букІана мугІалималъул дарсихъ.

Гьелъ бицана ВатІан цІунун рагъде арал киналго бахІарзазул, гьезул гьунаразул. Рагъда хваразул, лъукъаразул, рагъдаса гІажизлъун ВатІаналде тІадруссаразул. Чанги бахІарчияв чи вижараб бакІ буго магІарул ракь. Щивав чиясда лъазе ккола жиндир росулъ, жиндир ракьалда машгьурав бахІарчиясул цІарги гьесул гьунарги. Лъай нужеда бахІарчияв васасул зонода хьолбохъ чІезе эбел-инсуе гІемерго бигьаяб буго, хІалихьатав васасул бадире ралагьизегІан. ГІадада гуреб магІарул руччабаз абулеб «БахІарчиясул къоролайлъун йикІин лъикІин, хІалихьатасул лъадилъун йикІинегІан»,-абун.

Гьал Дагъистаналъул кьурабазда чанги кьалул кор бихьана, амма гьеб корохъ кидаго нилъер умумаз багьадураб гурони, хІалихьатаб цІар босичІо. Кумсиятида щивниги кІочон гьечІо, щибниги кІочон гьечІо, киналго рехсана гьелъ, рагъдаса руссаралги руссинчІого хваралги. Гьелъ цІияб къагІидаялда, цІакъ махщалида бачана гьеб дарс. ГІемераб материал данде бакІарун бугоан мугІалималъ дарсиде. Лъималазги гьеб темаялда хурхун, пасихІго рикІкІунел рукІана кучІдул. Кумсиятица гьоцІолъун бецІулеб магІарул мацІ гьоцІолъун тІинкІизабуна цІалдохъабазул рекІелъе. Лъида хІал кІолеб гьеб кинабго хъвазе, дица аслияб хъван толеб буго.

Байбихьана 2 абилеб рагьараб дарсиде. Гьеб букІана авар мацІалъул рагьараб дарс. Тема: Тайпа цоял членал (8 класс). Гьеб дарс кьуна МухІамадов Сулейман МухІамадовичас. Сулейманица дарс байбихьана. Доска рекъезабун, хІадурун букІана. Дарс гІуцІун бугоан гІажаибаб, хІикматаб къагІидаялъ, гьанжесел тІалабазда рекъон. ЦІиял методаздалъун бече-

**Разият ЗАКАРИГАЕВА**
**ГІашилтІа школалъул учительница**

# Лъималазул талихІаб гІумроялъе гІоло



Жакъа, кутакалда гІелму цебетІураб, «компьютералъулги» «телевизоралъулги» дуняллъун гІумро лъугьараб заманалда унго-унголъунги бегІерго цебечІун буго лъималазул творчествалъулаб потенциал гІумроялде бахъинаби, школлъималазул церетІеялъе ругел ресал рагьи. Гьениб кумекалъе рачІуна тІадеги лъай кьеялъул бакІал, «Лъималазул Творчествалъул Рукъ», жидерго лъимал рокьулел хІалтІухъабигун. Творчествалъул Рокъоб школлъималазе рес щола батІи-батІиял цолъиязул ва рахъазул секциязда гІахьаллъизе. ТІадеги лъай кьолеб учреждениязул педагогаз лъималазе кумек гьабула тІубараб къагІидаялъ жидерго чорхол ресаздаса пайда босизе, лъай кьеялъул ва творчествалъул процессал щола, жидерго къватІибе загьирлъичІеб махщел лъаялда т1ад хІалтІизе рес щола. Гьединал хІалтІухъабаздаса цояй ккола Шамильхъалаялъул Творчествалъул Рукъалъул педагог ХІамзатова ГІайшат ХІожоевна.

Гьале къого соналъ жийго лъималазул творчествалъул Рукъалъул хІалтІуе кьолей йиго ГІайшатица. І997 соналдаса нахъе ДДТялда кружокалъул нухмалъулейлъун лъугьана гьей ва жийго йихьизаюна махщел-гьунар бугей, унго-унгояй специалист гІадин. Лъималазе бачІинахъего йокьана, гьелъие кинабго гьабуна ГІайшатицаги, лъугьана лъималазе йокьулей специалистлъун. Лъимал гьираялда хьвадула ГІайшатил кружокалде. Гьелъул щибаб къойилаб, тІадчІараб хІалтІуца лъикІал хІасилалги кьолел руго. Районалъулгун республикаялъул олимпиадабазда ва конкурсазда гьелъул лъималаз тІадегІанал хІасилал росула.

ГІайшат ХІамзатовалъул гьайбатаб захІмат кІвар кьечІого хутІичІо. Гьелъул хІасил бугеб захІмат ва бажари бугеб хІалтІи бихьидал 2006 соналда нухмалъиялъ хІукмо гьабуна гьей методистлъун тІамизе. Гьелдаса нахъе жийго ГІайшат мукІурлъухъе гьей хІалтІулей йиго ракІалъ тІаса бищараб махщалида. Жиндирго коллектив гьелъие ракІ-ракІалъго бокьула ва адаб гьабула. Гьеб буго кІиябго ра хъалъ бугеб асар. Жиндирго мисалалъ гьелъ творчествалулаб Рукъ кружокалде хьвадулел лъималазе кІиабилеб рукълъун лъугьинабун буго. Гьениб бугеб санагІаталъ ва хинаб гьоркьоблъиялъ цІала цІалдохъаби творчествалде.

ГІайшатица гІемерал къагІидаби ресал хІалтІизарулел руго творчествалъул Рукъалда цере лъурал масъалаби тІураялъеги лъимал гьенире хьвадиялъеги. Нилъер заманалда дагьабищха бугеб лъимал мекъи кколел ахІвал-хІалал. Гьелъие бокьула лъимал пайдаяб ишалде руссун рукІине, творчествалъ рес кьолелъулха гьел санагІат бахъараб асаралда гъоркье ккунгутІиялъе. Творчествалъул Рокъор лъимал гІахьаллъизе рес буго «халичаби рессиялъул», «хьухьариялъул», «бисседазул», «край лъазабиялъул», «кьурдул», «музыкалияб», «гІолев литератор» ва цогидалги кружоказда. Лъимал гьелде гьираялда хьвадулелги руго, сабру тун ралагьун рукІуна гьел тІасияб занятие бачІиналъухъ. Гьениб гьезие рес рагьулелъулха цоцада кІалъа-басан ракІгъеялъе, гьенир гьел церетІола кинабго ра хъалъ: цебетІола гьитІинаб моторика, пикру гьаби, ракІалда жо чІей, творчествалъулал ресал, ругьунлъула пикру цойида чІезабизе, гьеб къватІибе кьезе. Гьединаллъун лъимал куцала ГІайшатица ва республикаялъул «Очаг мой – родной Дагестан», «Мое лучшее занятие» абурал конкурсазда, художественниялгун прикладниял ва техническиял выставкабазда гьезие щвана призалъулал бакІал. Гьелъ гьединго тІоритІула рухІиябгун физическияб рахъалъ церетІеялъе массовиял класс тун къватІирехунисел хІалтІаби.

ХІалтІулал соназда РДялъул лъай кьеялъул министерствалъ «За вклад в развитие системы дополнительного образования и поддержку детского технического творчества»,-абураб бихьизабиялда гІемерал ХІурматалъулал грамотабаздалъун кІодо гьаюна гьей. Творчествалъул Рукъалъул нухмалъулев М-ГІ. ГІабдурахІмановас бихьизабухъе ГІайшат ХІамзатовалъ гІолеб гІелалъул гІумро магІна бугеб, талихІаб букІиналъе кинабго гьабулеб буго.

**Мадина СУЛТАНОВА**

## Дагъистаналъул УхIуд

Дагъистан чIухIараб, гьитIинаб УхIуд
Нижей мисал буго, дур бахIарчилъи,
Лъабго моцIалъ тIаде бараб гIарада
ГIужие босараб имангин ислам.
АхIулгохI цIунарал, дангъур цIураб халкъ
Дунялалда лъараб къвакIи, къо хIехьей,
Къоло щуго соналъ лъалиниб лъечIеб
ЛъезегIанги хьвагIун, къотIарал бутIрул.
ГохIда мюридзабаз бачунеб зикру
Гьужумалъ рачIунез ахIулеб гьура,
ГIешдерил лъаралъан, ГIанди гIурулъе
БагIарлъун чваххулеб, чабхил иццул лъим.
Чанги НикIолайил, сардар гIодараб
ГIарададул гулбуз босичIеб наслу,
АнцIго солдатасде данде цо мюрид
Кверж убараб рагъулъ хунжрузул чапи.
Нилъ Дагъистаналъул гъазизабазул
БахIарчилъи, къвакIи,борцунеб роцен,
Цо АхIулгохI гуреб, гIемер росаби
Аргъвани, ГIашилтIа, Генуб, Хьаргаби.
СалтIаги, ГьоцIалъги, Гьолокьгин ТIелекь
Чан ганчIил росаби, цIа лъун рухIарал,
ЦIулал гIарадаби, гIахьутI туманкIги
ГIела нилъер къвакIи, къо хIехьана доз.
Гьал ругъназул бица даимлъиги кьун
КъотIараб дур къиса къаникь хутIичIо,
Къойил нилъер халкъалъ цебеги бахъун
БахIарчилъиялда хIур ккезе течIо.

## «Ахихъаналъулгун» гьоркьоблъи хведал

«Ахихъан» газетгун тIунин гьоркьоблъи
ТIалхIатиде ккараб гIайиб бугодай?
ГIадамаз цIализе кучIдул хъван гуреб
Мун какун кагътида хIучч цIан букIинчIин.
ТIалхIат те, батIияб районалъул чи
ГIарахъ мегIер бугин нилъеда гьоркьоб,
Нилъерго хIарччилав ЖабрагIилида
ГIайиб щибдай ккараб, хванин гьоркьоблъи!
Дуца гьоркьо-гьоркьор кучIдулги рахъун
Нужехъа вугеблъи лъалеб букIана,
Бид виххун район тей кIоченабизе
КIудияб кумек дур кканин вукIана.
Газет чIобого кьей бакIлъун батани
БитIе гIарацилан щай хъвачIеб кагъат.
Союзалда гьечIел поэтазулгун
Гьоркьоблъи лъикI гурин пикруйищ ккараб?
Нуж барщун чIунилан хвезе жо гьечIо
ХвезегIан чIаго тей буго мурадги,
МахIмудги ЧIанкIаги щалали гьикъе
Щуго чи ватулищ гьел лъалелали.
Дудехун ракI гъурал, ниж рехун тезе
Ккараб-тараб кинго бичIчIулеб гьечIо,
МагIарул ракьалъул махIгун бачIунеб
Духъ бугеб чIалгIеналъ ракI свакан буго.

**ЖабрагIил-хIажи ХАЛИДОВ**

## «Ахихъаналъул» жаваб

Салам буго нижер ракI-ракIалъулаб
РикIкIада ругел дир гьудулзабазде,
Мурадги цо буго даим холареб
Гьудуллъи щулалъи, рекъел гьарзалъи!
Нуж барщизе ккараб гIайиб дир гьечIо
ГIумро чвахулеб нух хиси гурони,
Мухбир чIалгIун гуро, къарумлъун гуро
Закон бичIчIуларез чIезарун руго.
Бухьен цебе тIураб гьаб заманалда
Кагътал ритIиялъе нух кьолеб гьечIо,
Сайталда лъун бугин газета,- абун
Гьеб битIизе кьолел кепкал ун руго.
Даим хIажалъидал нахъа ратарал
Нахъеги тIад русса, хинаб рагIигун!
Ункъого сон балеб юбилеялде
РакI-ракIалъ дица нуж къабул гьарила!

БАЯН: Хунзахъ районалдаса Ахъбердиев ТIалхIатги Унсоколо районалдаса Халидов ЖабрагIилги гIемерал соназ «Ахихъан» газеталъул мухбирзаби рукIана. Гьез газеталде хъвалаан тарихиял ва гIумроялда рухьарал кучIдул, ккара-тараб. Почталъул хъулухъал багьалъун хадуб гьезие газета битIизе хасал гIиллабазда рекъон нижер рес ккун букIинчIо.



# Шамилил цIар лъураб поселокалъул ХъахIал хъалабахъе щваравищ, гьудул?

Умумазул аби буго; инсанасде къварилъиги гIатIилъиги нилъеда гьикъун бачIунарилан. Гьедин ракIалдаго гьечIого 2I апрелалда нижер хъизамалдеги бачIана къварилъи. МахIачхъалаялдаса Хунзахъе сапаралъ рачIунел нижер васас бачунеб машинаялъе авария ккана, гьев захIматаб хIалалъ, бетIер кьабун Шамильхъалаялде больницаялде восун ватана. Гьенир къаси дежурствалда вугев гIолохъанав хирургиялъул врачас хехаб кумек гьабун хвалил квачIикьа вахъизе кIвана ва дагьаб мадар лъугьиндал МахIачхъалаялде вачун операция гьабун гьанже квеш гьечIо.



Абула дунялалда тIад гьарулелщинал хъулухъазул ва пишабазул бищунго хIурматияб, бищунго жавабияб ва чара гьечIого жиб хIажатаб, баркала кьезе мустахIикъаб хъулухъ тохтурасул бугилан. Щайгурелъул гьесул кверзул хIеренлъиялдаги, тIадагьлъиялдаги бараб бугелъул захIматаб ва хIехьезе кIолареб унтиялда ратарал гIемерал гIадамазул гIумроялъул къисмат. ГIунги тIокIаб лъайги щварав ва щибаб унтул гIаламаталги ричIчIулев, лебалав тохтурасда чара гьечIого кIола инсанасул чорхолъе ккараб бокьараб унтигун къеркьезе ва гьеб къвинабизе. Сахлъи ккола инсанасе гIумро гьабизе ккани чара гьечIого букIине кколеб жо. Нилъеда мухIканго лъала сахлъи дагьав инсан сундего регIизе толаревлъи. ГьечIо дунялалда жеги вижун инсан Аллагьас, Авараг (с. т. гI. в.) тун батIияв, тохтурасдасе хIажалъуларев.

Инсанасул багьа учузлъанилан, гIаданлъичилъиялъул къимат хванилан, кинабго гIарцудаги, рищватаздаги борцунеб заманалда, жакъа гIаданлъиги, чилъиги борхатго цIунарал, жидеда тIадал хъулухъалъул ишал ракIбацIцIадго ва махщалида тIуразарулел врачал ва медсестраби Шамильхъалаялда бугеб больницаялда ратиялъ дун кутакалда вохана. Мисалалъе росани РДялъул мустахIикъав тохтур Цевехъанов Цевехъан. Гьесул тIалабагъазалдаги, врач хIисабалдаги гьесул бергьараб гIаданлъиялъулги, камилаб махщелалъулги, берцинаб гIамал-хасияталъулги гIемер бицунеб рагIана дида больницаялда регун сах гьарулез ва цересеел саназ гьенир регараз. БитIухъего тохтурасул гIелмуялъул ралъадги лъедон лъикIаб камилаб лъайги махщелги щун гьеб гIуцIиялъе бажарун нухмалъи гьабулеб буго медицинаялъул гIелмабазул кандидат МухIамадова Заремаца. ГIодоса эхеде щвараб тарбия-лъайги, лъалелхъвалел, хъулухъ ишалда ругилан унтарал батIа гьаричIолъиялъги хинал рагIабаздалъун рехсола гьелъул цIар. ЧIухIизе рес букIаниги гьей кидаго йикIана ва йиго гIадамазулъ ракIбащадай, хIажатазе кумекалъе ятулейлъун, яхI-намус, гIаданлъи борхатго ккурайлъун. Гьединал хасиятал чорхолъ бессараллъун рукIине ахIулел руго Заремаца жиндаго цадахъ хIалтIулел пишацоялги.

Цогидал гьеб больницаялъул отделениязда бугеб ахIвал-хIал дида лъаларо. Амма хирургиялъул отделениялда васасда цебе бараб I0-I2 къоялъ дие баянлъана хIакъикъаталдаги хирургиялъул ханлъиялъул тахида гIодор чIарал гIолохъанал, жеги гIолохъанлъиялъул гIайибиял санал сверун лъугIичIел, гьунарги, махщелги кодосел, киналниги унтабазда хадур жал гъурал ва гьел унтабазде рекъон кколел уколал гьарулел, дараби кьолел, гIакълу камилал, завалаб гIумроялда ругел хирургиялъул отделалъул зав. ХIамзатов ХIамзат, травматолог, МухIамадов Мурад, хирург МухIамадов ГIабдурахIман, уролог Ибрагьимов Сулейман, хIалбихьи ва махщел камилав, киназго махщел цIубарав тохтурлъун рикIкIунев невропотолог Камилов Камил МухIамадович рукIин. Баркала буго гьел гьалмагъзабазе дир вас сахлъиялъе гьез гьабураб хIал кIвараб хIалтIухъ. Дида гьеб киданиги кIочене гьечIо. Гьединго гьаниб рес щун букIаго дие кIудияб баркала кьезе бокьун буго сордо-къо гьечIого унтарасул хьолбохъ эхетарал, сардал рорчIарал реанимациялъул отделениялъул хъахIал маккал гIадал медсестраби Асадулаева Заирае, ИсмагIилова Аминатие, палатабахъ ва хирургиялъул отделениялда рацIа-ракъалъи гьабулел санитаркабазе, хасго ниж районалдаса рукIин лъан, кигIан хIажатал гьечIониги тIагIамаб квеналдалъун, кванил нигIматаздалъун хьезарурай ХасмухIамадова ПатIиматие.

Дица гьаниб цIарал рехсаралги рехсечIого хутIаралги Шамильхъалаялъул больницаялъул хIалтIухъаби, нужее кIудияб баркала! БакI ккун букIаго нужеда киназдаго баркулеб буго Рамазан моцIги, гьединго тIаде щолеб бугеб медицинаялъул хIалтIухъабазул профессионалияб праздникги. Гьарула нужее щивасе херлъи лъалареб гIумро, свак лъалареб хIалтIи, дару хIажалъулареб сахлъи. Биччанте нужеда тIад кидаго хъахIилаб зобги, парахатаб гIумроги, гIемераб гIарацги, гIорцIараб, бечедаб, талихIаб яшавги букIине!

*Шамилил цIар бугеб поселокалда*
*ХъахIал хъалабахъе щваравищ, гьудул?*
*Гьелъул кIалгIабазда хIалтIулел ругел*
*ХъахIал хIурулгIинал рихьанищ, гьалмагъ?*
*Гьел руго халкъалъе сахлъи бикьулел*
*КьучIал тохтурзаби хIалтIулел ригьзал,*
*ХIалаб унтудаса тархъан гьарулеб*
*Лечение цIакъал, къиматал рукъзал.*

**Гъайирбег КЪУРАМУХIАМАДОВ.**
**Хунзахъ телевидениялъул директор**


**Газета основана 1937 г.**

**УЧРЕДИТЕЛЬ:**
**Администрация Унцукульского района**

**Главный редактор**

**КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**

**Регистр. Пи № ТУ05-00284 от 20 марта 2014 г.**

**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Адрес редакции:**
**51373**
**Унцукульский район**
**п. Шамилькала**
**ул. М. Дахадаева 3**
**Телефон редактора**
**89896522856**
**sadovoduns@yandex.ru**
**398940**

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать -9 . 6. 17 г. 16. 20
фактически -18.30 мин.
........................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1000 экз.